2026 18 19 20 ФокIадэ

Хэхыныгъэхэр
2-нэ нап.



«Махуэку»
3-нэ нап.



Адыгэм хуилэжьыр зыфIэмащIэ
3-нэ нап.



Зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэкъуэту
4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№112 (25.018) • 2026 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 17, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ



# Псалъэмакъ щхьэпэ

**ЩIалэгъуалэм я унэм дыгъуасэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щаIущIащ Налшык къалэ дэс жылагъуэм. Абы кърихьэлIащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу Родинэ Викторие, Щхьэгуэш Адэлбий, Геккиев Заур, апхуэдэуи къызэхуэсат жылагъуэ лIыкIуэхэр, дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, журналистхэр, хьэрычэтыщIэхэр, щIалэгъуалэ, дин зэгухьэныгъэхэм ящыщхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр.**

КIУЭКIУЭ Казбек убгъуауэ тепсэлъыхьащ блэкIа илъэситхум республикэм зыIэригъэхьа социально-экономикэ зыужьыныгъэм, дяпэкIэ къапэщылъ къалэнхэм.

- НобэкIэ тхуэзэфIэкIар къэтпщытэжу аракъым, нэхъыбэу дызытепсэлъыхьынур дяпэкIэ ди Iуэху зэредгъэфIэкIуэнум, ди псэукIэм зэрызедгъэужьынум теухуауэ тщIэн хуейхэрщ, - жиIащ абы.

КIуэкIуэм къыхигъэщхьэхукIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я хэхъуэм зэпIэзэрыту зэрызиужьыр. Мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм а Iуэхур процентри 103,8-м нэскIэ ягъэзэщIащ, иужьрей илъэситхур къапщтэмэ, республикэм щыпсэухэм я хэхъуэр проценти 170-м щIигъукIэ дэкIуеящ.

Iэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 2015 гъэ пщIондэ, илъэси 10-м къриубыдэу, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу, республикэм и цIыхухэм я хэхъуэр ипIэ зэримыкIар.

- Илъэситхум щIигъуауэ бюджет лэжьакIуэм и улахуэр илъэс къэс проценти 10-кIэ хыдогъахъуэ. Республикэ унафэщIхэр дызэгурыIуащ сыт хуэдэ гугъуехь дыхэмытами, ар зэредгъэкIуэкIынумкIэ. БжыгъэкIэ къэпIуатэмэ, улахуэ фондыр зы мелардрэ мелуан 200-рэ хъууэ щытати, меларди 3-рэ мелуани 100-м нэдгъэсащ.

НобэкIэ, УФ-м и Президентым и унафэкIэ, зэи къэмыхъуауэ, сабий зэрыс унагъуэхэм дэIэпыкъуныгъэшхуэ къэралым къарет. Абы папщIэ 2025 гъэм федеральнэ мылъкум къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыIэрыхьащ сом мелард 46-рэ, ар сабий мин 172-м трагуэшащ, унагъуэкIэ къапщтэмэ, мин 81-рэ мэхъу. Щхьэхуэу сыкъытеувыIэну сыхуейщ къулейсызыгъэр проценти 10,8-кIэ зэрыдгъэмэщIам, абыкIэ къэралым и щIыналъэхэм япэ дищащ.

Экономикэм и гугъу щищIым Iэтащхьэм жиIащ ВВП-р хуэди 2,1-кIэ зэрыхэхъуар, сом меларди 392-м зэрынэсар, иужьрей илъэси 5-м республикэм инвестицэу къыхалъхьар процент 70-кIэ зэрыхэхъуар, ар сом мелард 337-рэ мэхъу.

КъБР-м къэрал щIыхуэу телъщ сом меларди 4-рэ мелуан 600-рэ. 2018 гъэм, ар сом мелард 12 хъууэ щытащ. ЩIыналъэм езым и хэхъуэр хурокъуж улахуэр хэгъэхъуэнымкIэ, сымаджэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ. Лъэпкъ проектхэмрэ лъэпкъ программэхэмрэ я фIыгъэкIэ, республикэм щаухуа, щызэрагъэпэщыжа школхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм, гъуэгу километр 1350-рэ зэрытралъхьам тепсэлъыхьащ КIуэкIуэр.

ДяпэкIэ гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIын хуейхэм ящыщу къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр. Республикэ бюджетым къыхэкIыу абы нобэкIэ хухахащ сом мелерди 10-м щIигъу. Ауэ а бюджет ахъшэракъым нэхъыщхьэр, атIэ республикэм ису хъуар зэкъуэувэу а Iуэхумрэ дзэлIхэмрэ зэрыдаIыгъарщ, мылъкукIэ зэрызыщIагъэкъуарщ. Иджыпсту екIуэкI хэхыныгъэ кампаниехэм лIыхъужь 69-рэ зэрыхэтым гур зэрыхигъахъуэр жиIащ КIуэкIуэ Казбек. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ лъэпкъыр, цIыхур хъумэн зэрыхуейм, абыхэм я узыншагъэр хъумэным епха Iуэхутхьэбзэхэр зыхуей хуэзэу къызэрызэгъэпэщыпхъэм, цIыху 250-м зэуэ щеIэзэну онкодиспансерыр мы гъэм и кIэм зэрынагъэсынум, диспансеризацэм нэхъри зрагъэубгъуу зэрырагъэкIуэкIынум. А псоми цIыхур зэрыпсэу илъэс бжыгъэм зэрыхигъахъуэр, спортым зыщыхуагъэсэн утыкухэр нэхъыбэ зэращIынур, къуажэхэм физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущ1апIэхэр зэрыдащIыхьынур жиIащ Iэтащхьэм. Апхуэдэуи тепсэлъыхьащ сабий гъэсапIэхэр къуажэ нэхъ цIыкIу, пхыдза дыдэхэми, зэрыдащIыхьынум, щIалэгъуалэр гъэсэным гулъытэ хэха зэрыхуащIым, дунейпсо, къэралпсо зэIущIэхэр ди республикэм зэрыщекIуэкIым, нэгъуэщIхэми.

КъэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа, дзэ Iуэху хэхам и ветеран Пан Станислав жиIащ хэкум къулыкъу хуэщIэным и гъащIэ псор зэрытриухуар, къэрал проектхэм жыджэру зэрыхэтыр. Дзэ Iуэху хэхам щыIэ лIыхъужьым и фэм дэкIыр, ар къэкIуэжа нэужь, щIыналъэм къызэрыхуэсэбэпыну щIыкIэм зэригъэпIейтейр, абы и лъэныкъуэкIэ ди Iэтащхьэм дэIэпыкъуныгъэшхуэ зэраритыр къыхигъэщащ Станислав къыщыпсалъэм.

«ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэ нэхъыфI» зэпеуэм и щIыналъэ къудамэм щытекIуа, тхыдэмрэ обществознаниемкIэ егъэджакIуэ, лицей №1-м и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и чэнджэщэгъу Мэрзей Салим убгъуауэ тепсэлъыхьащ школакIуэхэр егъэджэныгъэм къыдэкIуэу проект зэмылIэужьыгъуэхэм хэтынымкIэ зэрадэIэпыкъум, лъэпкъ проектхэм и гуащIэ зэрыхилъхьэм, абыхэм щIалэгъуалэм я гупсысэм зэрызрагъэужьым, жэуаплыныгъэ къазэрыхилъхьэм, нэгъуэщIхэми.

Налшык къалэ дэт Поликлиникэ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Батыр Заурбэч зэрыжиIамкIэ, УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ иужьрей илъэсхэм ди республикэм щаухуащ е къыщагъэщIэрэщIэжащ медицинэ IуэхущIапIэу 60-м щIигъу. «Медицинэ IэнатIэм и лэжьыгъэр нэсу гъэзэщIа зэрыхъур къызэрапщытэр цIыхухэр зэрыпсэу илъэс бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъурщ. 2025 гъэм къэрикIуахэм тепщIыхьмэ, ди щIыналъэм цIыхухэр ику иту щопсэу илъэс 78-м нэсыху. Ар 2030 гъэм дызыхуэкIуэн хуейуэ зыхуэдгъэувыжа бжыгъэщ. Сабийхэм я гугъу пщIымэ, Налшык къалэ дэт Перинатальнэ центрыр къэрал псом щапхъэ зытрахщ, Республикэ сабий клиникэ центрым хуэдэ Кавказ Ищхъэрэм иткъым», - жиIащ Батырым. Ар тепсэлъыхьащ сымаджэщ зэIузэпэщхэм, абы щIэт Iэмэпсымэщ1эхэм я фIыгъэкIэ узыфэхэр тыншу къахутэ, ягъэхъужыф зэрыхъуам, диспансеризацэр процент 70-м щIигъукIэ зэрызэлъагъэIэсам, абы уз къызыпкърыхьэ цIыхухэр зэригъэмащIэр, нэгъуэщIхэми.

ЗэIущIэм и кIэухым щIалэгъуалэм жаIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» хэкупсэ уэрэдыр.

**ШЭРIУЖЬ Даянэ.**

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# ЕхъулIэныгъэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Родинэ Викторие, Щхьэгуэш Адэлбий сымэ и гъусэу лэжьыгъэ IуэхукIэ Шэджэм районым щыIащ.**



ЩIЫНАЛЪЭМ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм щаIущIам тепсэлъыхьащ зэман блэкIам я лэжьыгъэм кърикIуахэм, IэнатIэхэр зыIууэ лъэпощхьэпохэмрэ зыужьыныгъэм и хэкIыпIэу щыIэхэмрэ.

Шэджэм щIыналъэр цIыху нэхъыбэ щыпсэухэм икIи нэхъ жыджэру зи Iуэху ефIакIуэхэм зэращыщыр къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

Абы и зыужьыныгъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэу къалъытэри мэкъумэш IэнатIэрщ. Мыбы куэду къыщалэжь гъэшри, джэдкъазылри, мэракIуэхэкIхэри, пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIрэ къехьэлIэнымкIи я Iуэху зэпэщщ. АбыкIэ нэхъри щIэгъэкъуэныфI мэхъу лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ щIыналъэм зэрыщагъэзащIэр.

ЦIыхухэр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщын къалэнми лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIащ. Жылэхэм 2021 гъэ лъандэрэ къыщагъэщIэрэщIэжа бжьамийхэм я кIыхьагъыр километр 60-м ноблагъэ.

«ЩIыпIэхэр зэIузэпэщ щIынми Шэджэмым щапхъэ къыщегъэлъагъуэ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек. - Ар мызэ-мытIэу щытекIуащ къалэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкIа, проект нэхъыфIхэр къыщыхаха Урысейпсо зэпеуэхэм. Абы папщIэ хухаха грантхэмкIэ ягъэзэщIащ «Шэджэм-парк», «Шэджэм. ИпэкIэ дыкIуэу», «Псым IэплIэ къыуешэкI», «Къалэм уиутIыпщыркъым» проектхэр. Мы гъэм етхуанэри яIэщ - «Псымрэ бгыхэмрэ щызэпыхьэм деж» жыхуиIэм яужь итщ. Абы нэхъапэм ягъэзэщIа проект псори зыуэ зэрепхыж, цIыхухэм я зыгъэпсэхупIэ нэс хъууэ».

Гъуэгу лэжьыгъэхэми пащэ. ЩыIэ мардэм кърагъэтIасэу къэрал гъуэгушхуэм екIуалIэу зыхуей хуагъэзэжащ Нартан, Яныкъуей - Лашынкъей гъуэгухэр, Шэджэм и уэрам нэхъыщхьэр.

Зэрагъэпэщыжащ, нэхъ бгъуэи ящIащ Шэджэм псым телъ лъэмыжыр. Абыхэм нэмыщI зыхуей хуагъэзащ жылэхэм я гъуэгухэм ящыщу километр 20 хуэдиз. Гулъытэ щхьэхуэ мыбдежым щыхуащIащ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн IуэхущIапIэхэм екIуалIэхэм.

Социальнэ IэнатIэми ехъулIэныгъэхэр щаIэщ - цIыху 800 зыщIэхуэ еджапIэщIэ Шэджэм къалэм дащIыхьащ, Щхьэлыкъуэ сабий сад, ФОК-рэ топджэгу губгъуэрэ щаухуащ, Звездный, Шэджэм, Шэджэм ЕтIуанэ жылэхэм зи ныбжьыр школ кIуэгъуэм нэмысахэм щадэлажьэ и IуэхущIапIэхэм яслъэхэр къыпащIыхьащ, Хъущтэ-Сырт спорт утыку «губзыгъэ» жыхуаIэм хуэдэ щатащ, нэгъуэщI куэди щIыналъэм щызэфIагъэкIащ.

Мыв зэманым къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж ЩIыналъэм и сымаджэщ нэхъыщхьэм цIыхухэм щеIэзэ и къудамэмрэ Нартан къуажэм и амбулаторэмрэ, сабий поликлиникэщIи яухуэ.

Шэджэм щIыналъэм щыпсэухэм къулыкъущIэхэм зэрызыхуагъэзахэр теухуауэ щытащ коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным, IуэхущIапIэщIэхэр къызэIухыным, кIэрыхубжьэрыху быдэхэр зэщIэкъуэным. Зи гугъу ящIа къалэн псоми елэжьыну къагъэгугъащ жылэдэсхэр.

**Дэзлыкъуэ районым и унафэщIхэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзэри, икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэ Iуэхухэм зэгъусэу тепсэлъыхьахэщ.**

«ЗЭIУЩIЭР екIуэкIыху зыкъытхуэзыгъэзахэм я гукъыдэжхэр дяпэкIэ зэхалъхьэну программэхэмрэ къащтэну проектыщIэхэмрэ хэдгъэхьэнущ, - щитхыжащ КIуэкIуэ Казбек и интернет напэкIуэцIым. - БлэкIа илъэси 5-м къриубыдэу Дзэлыкъуэ районым лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIащ.

Егъэджэныгъэм и лъэныкъуэкIэ: Сэрмакъ сабий 275-рэ зыщIэхуэ школ щаухуащ, Къамылыкъуэрэ Белокаменскэмрэ дэтхэр зэрахьащ, Псынэдахэ и сабий IыгъыпIэр щIэуэ зэтралъхьэжащ.

«ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» цIыхубэ проектымкIэ мы гъэм зэрагъэпэщыж Каменномост дэт школитIыр, Сэрмакъ, Псынэдахэ, Дзэлыкъуэдэс, Дзэлыкъуэкъуажэ дэт еджапIэхэр.

Малкэ дэт школ №2-м и сабий IыгъыпIэр зэрахьэ «Унагъуэ» цIыхубэ проектымкIэ. «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» проектым ипкъ иткIэ, Дзэлыкъуэкъуажэ ЩIалэгъуалэ центр щаухуэ.

Къамылыкъуэ, Сэрмакъ, Малкэ дэт щэнхабзэмкIэ уардэунэхэр зэрахьащ, Белокаменскэм дэт физкультурэмрэ узыншагъэмкIэ комплексыр зэIузэпэщ ящIащ, Светловодскэм и амбулаторэр къагъэщIэрэщIэжащ. Дызэрыт илъэсым Сэрмакъ амбулаторэщIэ къыщрагъэжьэну я мурадщ, 2027 гъэм яухыну.

Каменномост модель библиотекэ къыщызэIуахащ. Чыщбалъкърэ Хьэбэзрэ псыр зэрызекIуэ бжьамийхэр щыщIалъхьащ, Сэрмакъи ахэр щахъуэж, Каменномости апхуэдэ лэжьыгъэм щыпэрыхьащ.

Зыхуей хуагъэзащ Дзэлыкъуэкъуажэ, Каменномост, Псынэдахэ, Чыщбалъкъ, Малкэ, Шордакъ, Хьэбэз, Дзэлыкъуэдэс хыхьэ цIыхубэ зэхэзекIуапIэхэр. Хадэ цIыкIухэр щаухуэ Приречнэмрэ Сэрмакърэ.

Гъуэгу ухуэныгъэм и лъэныкъуэкIэ зытетыпхъэ мардэм нагъэсащ Дзэлыкъуэкъуажэ - Лесгор, Каменномост - Хьэбэз, Псынэдахэ - Дженал - Каменномост, Шордакъ - Дзэлыкъуэ 6-нэ, Светловодскэ - Дзэлыкъуэ Iыхьэхэр. «Регионымрэ щIыналъэмрэ я гъуэгу зэрыIыгъхэр» проектым ипкъ иткIэ, Чыщбалъкъ хиубыдэ Малкэ - Ингушли гъуэгу Iыхьэр зыхуей хуагъэзащ. Ардыдэм хыхьэ Сэрмакъ къыпекIуэкI гъуэгуми йолэжь.

И уасэр щIыналъэм и гъуэгу фондым къыхэкIыу, зыхуей хуагъэзащ Псынэдахэ, Дзэлыкъуэдэс, Дзэлыкъуэкъуажэ, Малкэ пхыкI гъуэгухэр, иджыпстукIэ Бэтэх кIуэцIрыкI, Депутатхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамым йолэжь.

Дзэлыкъуэ районым ехьэлIапхъэ лэжьыгъэхэм дяпэкIи къыпытщэнущ».

# Дзэлыкъуэдэсхэм я зэхъуэкIыныгъэфIхэр



# ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

**«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ аращ.**

# Къуажэхэм щыпсэугъуафIэ мэхъу

**Лъэпкъ программэм хэту 2020 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ «Къуажэ щIыпIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэр. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр хуэунэтIащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, социальнэ, инженер инфраструктурэхэм зегъэужьыным, къуажэ щIыпIэхэм щыпсэугъуафIэ щIыным.**

КЪЭПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу а программэм ипкъ иткIэ республикэм и къуажэу 17-м лэжьыгъэ пыухыкIахэр щрагъэкIуэкIащ. ЖыпIэнурамэ, псори зэхэту абыхэм цIыху мини 130-м щIигъу щопсэу. Къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм я фIыгъэкIэ муниципалитетхэм Iэмал ягъуэтащ я гъуэгу, коммунальнэ инфраструктурэхэр къагъэщIэрэщIэжыну, социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэр ящIыну, цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэр ирагъэфIэкIуэну, къуажэдэсхэм тыншыпIэхэр къащыхузэрагъэпэщыну.

«Къуажэ щIыпIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуащ транспорт инфраструктурэм зегъэужьыныр псом япэ игъэщыпхъэу, гулъытэ нэхъыбэ хуэщIыпхъэу икIи, абы ипкъ иткIэ, ди республикэм автомобиль гъуэгуу псори зэхэту километр 32,5-рэ къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ е щIэуэ щаукъуэдияц а пIалъэм.

КъищынэмыщIауэ, къуажэхэм я инженер коммуникацэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэри щIыналъэм щрагъэкIуэкIащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, газ зэрыкIуэ бжьамийуэ километри 8,845-рэ, псы къабзэ зэрыкIуэ бжьамийуэ километр 64-рэ яукъуэдиящ. Апхуэдэуи, псы къабзэ къыщыщIаш скважинэу 2 яухуащ, уэрамхэм уэздыгъэхэр щыпадзащ псори зэхэту километри 2,2-рэ я кIыхьагъым.

Программэм ипкъ иткIэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэми республикэм гулъытэ хэха щыхуащI, сыту жыпIэмэ, абыхэм я щытыкIэм куэдкIэ елъытащ къуажэдэсхэм я псэукIэр ефIэкIуа хъуныр. БлэкIа илъэсхэм сабий саду 4, курыт еджапIэу 2, спорт комплексу 4, топ щыджэгу губгъуэ, спорт утыку яухуащ е къагъэщIэрэщIэжащ. Апхуэдэуи Щэнхабзэмкlэ унэу 7 къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ, автобусу 2 абыхэм къыхуащэхуащ.

Къуажэ щIыпIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм мы гъэми республикэм щыпащэ. Псалъэм къыдэкIуэу, Бахъсэн щIыналъэм и Бахъсэненок къуажэм сабий садрэ спорт комплексрэ щаухуэ, Дыгулыбгъуей къуажэм КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ утыкур зыхуей щыхуагъэзэ, цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэр зэIузэпэщ ящI, Прохладнэ районым и Солдатскэ къуажэм дэт, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр къагъэщIэрэщIэж, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Псынэдахэ къуажэм сабийхэм я джэгупIэ зэпэщ къыщызэрагъэпэщ.

Программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм адэкIи пащэнущ.

**ЖЫЛЭХЬЭЖ Артур.**

● УФСБ-м къет

## ЗэщIыгъуу ирагъэкIуэкIащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и ВОГОиП-мрэ Минеральные Воды къалэм и таможнэмрэ шыщхьэуIум и 28-м щыIэдзауэ фокIадэм и 2-м къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкIащ Iэщэрэ наркотикхэмрэ хабзэншагъэкIэ игъэкIыныр, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудыным, апхуэдэуи къалъыхъуэхэр къэгъуэтыным тещIыхьа Iуэхухэр.**

Хабзэншагъэкlэ ирагъэкIыу къытрахащ ягъауэ Iэщэу 3, шэ зэхуэмыдэ 37-рэ, наркотикхэкIрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэу грамм 250-м нэс, маркировкэхэр зытемылъ тутын зэкIуэцIылъ мин 14-рэ спирт зыхэт продукцэу литр 600-рэ. Ябыдащ къэралым къыщалъыхъуэ цIыхуи 7, апхуэдэуи дуней псом къыщалъыхъуэу 4.

Ирагъэкlуэкlа рейдхэм къарикlуахэмкlэ уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ УФ-м и УК-м и 222-нэ, 228-нэ, 234-нэ статьяхэм япкъ иткlэ.

## Ахъшэ яхуигъэхьырт

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэрапаудащ Прохладнэ районым щыпсэу цIыхубзым илэжь хабзэншагъэр. Абы экстремизмэм пыщIахэм ахъшэ яхуиутIыпщырт.**

Экстремизмэм пыщIауэ судым къилъыта икIи фейдэ къегъэщIыным емыпха IуэхущIапIэу Урысей Федерацэм щылэжьэну хуит ямыщIам и счетым ахъшэ игъэхьащ абы.

Прохладнэ район судым и унафэ къару зыпигъуэтам ипкъ иткlэ суд зытращIыхьар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 282.3-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэмкIэ. Абы ямыгъэтIысу илъэси 3 тралъхьащ.

# Зэрыхэхъуэр нэрылъагъущ

**2026 гъэм и щIышылэм – бадзэуэгъуэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэшым елэжь и IуэхущIапIэхэм шэ зэфэу къыщIагъэкIам и къэдагъым процент 13-кIэ, шхум процент 16-м нэблагъэкIэ, къуеймрэ къуейылъэлъэмрэ процент 13,7-кIэ хагъэхъуащ.**

Апхуэдэ хэхъуэхэр яIэщ нэгъуэщI IэнатIэхэми. Псалъэм къыдэкIуэу, къапщтэм пIалъэм къриубыдэу республикэм IэфIыкIэу къыщыщIагъэкIам и къэдагъым процент 29-кIэ, нэкулъ лIэужьыгъуэхэм процент 31-кIэ, Iусыпхъэхэм процент 49-кIэ хагъэхъуащ.

Бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ ди щIыналъэм ерыскъымрэ ерыскъыхэкIхэмрэ елэжь и IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIхэмрэ лъэщагъымрэ зэрыхагъахъуэ зэпытыр. Къапщтэмэ, 2026 гъэм и мазибым ерыскъыхэкIыу псори зэхэту къыщIагъэкIам и индексыр проценти 107,1-рэ хъуащ, щыжиIащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

**БОРИЙ Ратмир.**



# Дунейм щыхъыбархэр

## Японхэм ягурегъаIуэ

**УФ-м Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Захаровэ Марие иджыблагъэ жиIащ японхэр Курилхэм визэншэу къэкIуэн щIадзэжын щхьэкIэ, ди къэралым пщIэ къыхуащIу зэрыщытыпхъэр.**

МИД-м визэншэу ахэр зекIуэныр щIимыдэм и щхьэусыгъуэу къегъэлъагъуэ Японием ныбжьэгъугъэм зэребакъуэ лъэбакъуэхэр зэричыр. Абы игъэува санкцэхэм пэкIуэу, езыхэм яфIэкIуэдащ Курил Ипщэ хытIыгухэм цIыхухэр визэншэу кIуэну Iэмал яIэу зэрыщытар.

«Дипломатие зэрыщыIэр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым икIи лъэныкъуитIым я зэхущытыкIэхэм хэлъ гугъуехьхэр нэхъыбэ щIэпщIын щыIэкъым», - къыхигъэщащ Захаровэм.

## Роботхэр ди унэхэм щIэсуи?!

**«АТМ Альянс» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Дубовицкий Иван жиIащ дызыхуэкIуэ илъэсищ-тхум Урысейм щыпсэухэм яIэнкIэ зэрыхъунур робот-дэIэпыкъуэгъухэр.**

Апхуэдэу TNF промышленно-энергетикэ зэхыхьэшхуэм роботитI - Гарикрэ Платонрэ - къыщагъэлъэгъуащ. Ахэр хьэщIэхэм яхэтащ я нэгу зрагъэужьу, гъэлъэгъуэныгъэм щыгъуазэ ящIу.

Роботхэр куэду иджыпсту къагъэсэбэпыну тегушхуэркъым, шынагъуэншагъэм ехьэлIа Iуэхухэр къэлъытауэ. Ауэ «АТМ Альянс»-мрэ нэгъуэщI компаниехэмрэ йолэжь ахэр шынагъуэншэу къызэрагъэсэбэпыфыну программэ нэхъыфI зэхалъхьэным.

«Ди IуэхущIапIэм дыщолэжь роботхэр хьэрычэт Iуэхум къызэрыщысэбэпынумрэ абыхэм цIыху къызэрыгуэкIхэм я къалэнхэр зэрыщагъэпсынщIэнумрэ хуэгъэзауэ зэтедухуэным. Си гугъэмкIэ, илъэсищ - тху дэкIмэ, Урысейм апхуэдэ роботхэр дэIэпыкъуэгъуу унэм къыщыбгъэсэбэп хъунущ», - жиIащ Дубовицкэм.

**ФокIадэм и 17, *махуэку***

♦**1922 гъэм** Урысейм щыяпэу радиокIэ концерт къатащ. Апхуэдэу лэжьэн щIидзауэ щытащ «Москва и радиом».

♦**1877 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, КIыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ **КIыщокъуэ Пщымахуэ**.

♦**1888 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, Истамбыл къыщыдэкIыу щыта «Гъуазэ» газетым и япэ редактор **Цагъуэ Нурий.**

♦**1940 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **БакIуу Хъанджэрий**.

♦**1979 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и редактор, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 21-рэ, жэщым градус 16 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 18, *мэрем***

♦**Псым и фIагъыр къэпщытэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Секретарым и махуэщ**

♦**1906 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Хьэбэчыр БетIал.**

♦**1947 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня**.

**Дунейм и щытыкIэнур**:

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19-рэ, жэщым градус 16 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 31-рэ. Абыхэм ящыщу 19-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

*ФокIадэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 409-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 6274-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Фор зэкIэщIэж нэхърэ - банэр зэфIренэ.**

● ХъыбарегъащIэ

Унэ зехьэнымкIэ фондым 2026 гъэм и фокIадэм и зехьапщIэр зэрыт квитанцэхэр зэригуэшамкIэ хъыбар фегъащIэ.

- ТхылъымпIэм тет квитанцэхэр псэупIэр здэщыIэ щIыпIэхэм я пощт ашыкхэм иралъхьэ хабзэщ.

- Электрон квитанцэхэр электрон пощтхэм ирагъэхь.

- «Уней кабинет» сервисыр къэзыгъэщхьэпэхэм папщIэ, 24/7 пIалъэм къриубыдэу «Квитанцэ гъэхьэзырын» Iыхьэм квитанцэм и копие щащIыфынущ.

ФызыщIэупщIэну псоми я жэуапыр и лъабжьэмкIэ къакIуэ хэщIапIэхэм къыщыфхуэщIэнущ:

***Телефоныр:*** 8 967 425-15-16

***Электрон пощтыр:*** regoperator.07@mail.ru

***ХэщIапIэр:*** Налшык, Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А.




## 2026 гъэм хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIынур

Урысейм и ХэхакIуэ комиссэ Нэхъыщхьэм и унафэщI Памфиловэ Эллэ 2026 гъэм и хэхыныгъэр иужьрей илъэсхэм екIуэкIахэм я нэхъ гугъу дыдэрилъытэу къыхигъэщащ.

Хэхыгъуэ пIалъэр зэфIэкIыху, абы и къызэгъэпэщыкIэм набдзэгубдзаплъэу хущытыпхъэщ: хэхакIуэ участкэхэр зэлъэIэсыным деж щегъэжьауэ, Iуэхур хабзэм темыкIыу щытыным нэс хуэсакъын хуейщ, къэралым и кIуэцIкIи щIыбкIи абы зэран къыхуэхъункIи хъунухэм ятемыплъэкъукIыу.

ХэхыныгъэмкIэ системэр япэрейр зытетам тетыжщ: псори зэхэту (параллельнэ) жытIэмэ иту, парламентым хэтыну цIыху 450-рэ хахынущ.

Депутат 225-р - партхэм къагъэлъэгъуахэм къыхахынущ, 225-р - зы мандат хэхыпIэ округхэм.

Зы мандаткIэ хахынухэр 2026 гъэм щIэуэ ягуэшынущ:

Округ 225-м Урысейм щIэуэ къыхыхьа областхэр хабжэ: ДНР-м щыщ округищ, ЛНР-м - тIу, Запорожскэ, Херсон областхэм - зырыз.

Депутатхэм я бжыгъэм зихъуэжакъым: 450-рэ.

Депутат корпусым нэмыщI, а махуэ дыдэм щIыналъи 8-м я унафэщIхэмрэ щIыналъи 39-м я парламентым хэтынухэмрэ хахынущ.

Урысейм и субъектищым - Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием я унафэщIхэр Президентым къигъэлъэгъуа нэужь, ятеухуа унафэр щIыналъэхэм я хабзэубзыху органхэм къащтэнущ.









# Унагъуэ мин 40-м щIигъум яхуеблэгъакIэщ

Мы илъэсым ди къэралым щекIуэкIыну политикэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэр зэрыхахынур. Абы зыщыхуагъэхьэзыр Хэкум и дэнэ щIыпIи. Къэбэрдей-Балъкъэрми абы теухуа Iуэху пыухыкIахэр щызэфIагъэкI. Зы махуи дэкIыркъым хэхыныгъэхэм ехьэлIа Iуэхухэр республикэм и ХэхакIуэ комиссэми, абы щIыналъэхэм щиIэ участкэхэми щемыкIуэкIыу.

Къалэн нэхъыщхьэу къэувырщи, хэхыныгъэхэр хабзэм тету, зым и хуитыныгъэри къызэпамыуду ирагъэкIуэкIын хуейщ. Дэтхэнэ зыми Iэмал иIэн хуейщ и Iуэху еплъыкIэр къигъэлъэгъуэну.

Къэрал хабзэм къызэригъэувымкIэ, политикэ парт псоми, абыхэм къабгъэдэкI кандидатхэми зэхуэдэ Iэмалхэр яIэщ зыкъагъэлъэгъуэну, ахэр ятхынымрэ IэIэтым ипэ къиухуэу я программэхэм цIыхухэр щыгъуазэ ящIыну, я телъхьэ къащIыну. Абы къыдэкIуэу, я программэхэр хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ хэIущIыIу ящIын, пщIэ щIамыту телевиденэмрэ радиомкIэ къыщыпсэлъэн, я тхыгъэхэр печатым къытрырагъэдзэн папщIэ шэсыпIэхэр къыхузэрагъэпэщ. Хэхыныгъэм теухуа законодательствэм къигъэувхэм зэрытетыр къапщытэ хэхакIуэ комиссэхэм хэтхэмрэ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэмрэ.

Республикэм и муниципальнэ кампанием ипкъ иткIэ къапэщытщ депутатхэм я мандат 1505-рэ зыхуэфащэхэр къыхахыну. Хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыным къыхузэрагъэпэщащ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэу 13, участковэ хэхакIуэ комиссэу 354-рэ, абыхэм къызэщIаубыдэ комиссэхэм хэт цIыху 2750-рэ.

Псори зэхэту республикэм Iэ щызыIэтынухэм я бжыгъэр мин 553-м ноблагъэ. Абыхэм ящыщу япэу Iэ зыIэтыну ныбжьыщIэхэр миниблым щIегъу.

ЩIыпIэ хэхахэм епха хэхыпIэхэм лэжьыгъэр щызэщIэгъэуIуэным хуэгъэпсащ «Информ УИК» проектыр. Ар сэбэп хъунущ Iэ щаIэтыну махуэхэм ипэ къихуэу цIыхухэм я унагъуэхэм кIуэурэ абы исхэр хэхыныгъэхэм теухуауэ зыщыгъуэзапхъэхэр ягурыгъэIуэнымкIэ. 2026 гъэм Урысейм апхуэдэу цIыхухэм я деж кIуэнущ къэралым и щIыналъэ 87-м я хэхакIуэ комиссэхэм я лIыкIуэу мин 300-м нэблагъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, апхуэдэ Iуэхухэр шыщхьэуIум и 20-м къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 15 пщIондэ щекIуэкIынущ.

Налшык къалэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Нало Николай зэрыжиIэмкIэ, унэ-унэкIэрэ къэзыкIуxьынухэр я пщэрылъхэм щыхурагъаджэ программэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэтащ: цIыхухэм зэрепсэлъэну щIыкIэм, хэхакIуэхэр къыщыгъэлъэгъуа спискэхэр къызэрагъэсэбэпынум, здэщыIа унэхэмрэ абыхэм зыщыхуэзахэм, зэпсэлъылIахэм я бжыгъэр къызэрагъэлъагъуэ гуэдзэнхэр къызэрагъэщхьэпэнум, ахэр хэхакIуэ комиссэхэм я лIыкIуэу зэрыщытым щыхьэт техъуэ щыгъынхэмкIэ къызэгъэпэщыным, комиссэхэм я унафэщIхэм занщIэу зыпащIэфу щытыным пыщIа куэд къызэщIаубыдэу.

Мы зэманым хьэгъэщагъэ куэд цIыхухэм зэрыкIэлъызэрахьэр къалъытэри, здэкIуэхэм шэч къыхуамыщIын папщIэ, хэхыныгъэхэм ятеухуа Iуэхухэр гурагъэIуэн мурадкIэ ирагъэжьахэм фащэ хэхахэр хуащIащ – «ЕДГ-2026» дамыгъэр тедзауэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми иIэщ хэхакIуэхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр, Iэмал имыIэуи яIыгъын хуейщ езыхэр хэтми къэзыгъэнаIуэ дэфтэрхэр.

Апхуэдэу цIыхухэм зэрепсэлъылIэм и фIыгъэкIэ хэхакIуэхэр щыгъуазэ мэхъу къэблэгъа IэIэтым теухуа куэдым: ахэр щекIуэкIыну пIалъэм, зезыгъэтха партхэмрэ кандидатхэмрэ цIыхухэр къызэрагъэгугъэм, Iэ щаIэт хъуну щIыпIэр дэнэ дежми, хэхыпIэ участкэхэм щекIуалIэ хъуну зэманым.

«Информ УИК» проектым хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ унагъуэ мин 40-м щIигъум яхуеблэгъакIэщ мы зэманым ирихьэлIэу икIи ахэр зэхэщIыкIыгъуэу яхутепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэм ятеухуа хабзэхэм, цIыхухэм я дзыхь зрагъэзынухэр езыхэм къыхахыжыну зэрыхуитым.






### КъэкIуэну махуэм къыхихыр КПРФ-рщ

ЦIыхухэм банкхэм я щIыхуэу сом триллион 45-рэ ятелъщ. Ар мылъкушхуэщ, и процент 45-р - ипотекэ уасэщ, процент 27-р кредит щIыхуэу ятыжын хуейщ. КъыхэкIыжынкIэ узыщыгугъ мыхъуну нэгъабэрей щIыхуэхэр хуэдищкIэ бэгъуащ, ахэр сом триллиони 2,4-м нэсащ.

Сыт абы ипэжыпIэкIэ къикIыр? Урысейм щыпсэу цIыху мелуанхэм кредитыр яхуэпшыныркъым. Апхуэдэ щIыхуэ къэзыщтэхэм я процент 20-м унагъуэр зыщыгугъ мылъкум и зэхуэдитIым щIигъу иратын хуей мэхъу хэхъуэм хэпсэукIхэм. А псом къыхэкIыу, 2025 гъэм цIыху мин 568-р банкроту къалъытэн хуей хъуащ.

Сыт щхьэусыгъуэр? ЦIыхухэм зыхуейр ягъуэту къащтэркъым кредитхэр, ахъшэр зытрагъэкIуэдапхъэм зэрахуримыкъурщ ар къызыхэкIыр. Улахуэм хохъуэ жыпIэ щхьэкIэ, абы еш имыIэу къакIэлъоущ инфляцэмрэ зыхэхъуэ зэпыт налогхэмрэ. Шхын, щыгъын, хущхъуэ, еджакIуэ тхылъ къащэхун папщIэ щIыхуэ къащтэн хуей мэхъу. ХэкIыпIэ щамыгъуэтым деж, пIалъэ кIэщIкIэ ахъшэ зыт IуэхущIапIэхэм (МФО) йокIуалIэ. Апхуэдэхэм иратыжын хуей щIыхуэр сом мелард 796-м щIегъу. Абыхэм я зэхуэдитIыр щратыжын хуейуэ щыта пIалъэр икIащ. Езыхэми кърат ахъшэм хэхъуэу тралъхьэр процент 300-м нос. Хабзэри къызэпамыуд хуэдэурэ махуэ шэджагъуэм яхъунщIэ.

КПРФ-м къэралыр щIыхуэхэм епха лъэпощхьэпом къызэрыхэкIыну Iэмал къегъэлъагъуэ:

ИкIэщIыпIэкIэ МФО-хэм я хэхъуэр егъэгъэмэщIэн, е ахэр зэхуэщIыжыпэн;

Зэманым декIуу лажьэ экономикэм и секторхэм проценти 3-4-кIэ кредит етын, IуэхущIапIэхэм зауэжьыну Iэмал яIэн хуэдэу;

ТекIуэныгъэм и программэу дэ дубзыхуар гъэлэжьэн: цIыхубэ IуэхущIапIэхэм къэралым зыщегъэубгъун, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ, хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ защIэгъэкъуэн, экономикэр цIыхухэм я хэхъуэр бэгъуэн хуэдэу гъэлэжьэн.

Социализмэм зыхуэгъэзэнырщ, лэжьыгъэ щхьэпэмрэ захуагъэмрэ тегъэщIапIэу къэщтэнырщ ди ТекIуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуу, мамырыгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ къытхуэзышэнур.

### Пщэдейм фIыкIэ щыгугъын

Пщэдейрей махуэм фIыкIэ щыгугъыным къыщыщIидзэр цIыхухэр псалъэ гъэщIэрэщIакIэ къызэрыбгъэгугъэм дежкъым. Абы къыщеублэ улахуэфIым, тыншу къыпIэрыхьэ псэупIэм, пщIэншэу щрагъаджэ школхэмрэ сабий Iыгъыпхэмрэ я деж.

Дэтхэнэ цIыхуми унагъуэми лэжьыгъэм и хъерыр зыхищIэу улажьэ зэрыхъунум и щапхъэ къагъэлъагъуэ цIыхубэ IуэхущIапIэхэм, къэкIуэну махуэм щымыщтэу, сабий япIыным, мурад ящIыным тригъэгушхуэу, нобэ нэхърэ нэхъыфIу пщэдей зэрыпсэунур ящIэу.

Урысейм хъугъуэфIыгъуэхэр и куэдщ. Ауэ къэралым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэр пщэдейрей махуэм щымышынэ цIыхухэрщ!

Куэдщ ерагъыу дызэрыпсэуар! Дыпсэуну, пщэдейрей махуэр духуэну и чэзур къэсащ!

### ЩIалэгъуалэрщ ди къэкIуэнур

Унафэ зыIэщIэлъхэм щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ куэд жаIэ. Ауэ езы щIалэгъуалэр къэкIуэну махуэм егъэгузавэ. Абы шэсыпIэ иIэкъым щIэныгъэ зригъэгъуэтынуи, IэнатIэ къыIэрыхьэнуи, псэупIэ зэригъэпэщу, иухуэну унагъуэр зыхуей хуигъэзэнуи.

Дауэ иджырей щIалэгъуалэр я лъэкIэ быдэу зэрыувынур? ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат IуэхущIапIэхэм я еджапщIэхэм я уасэр процент 11-кIэ хэхъуащ. Стипендие нэхъ цIыкIу дыдэр зэрыхъур сом 2208-рэщ. IэщIагъэлI хъуагъащIэм IэнатIэ къигъуэту, псэупIэ зэригъэпэщын хуейщ, ар нэхъыбэм я дежкIэ зэи зытемыIэбэну гуращэу къонэж.

Мис аращ зи щIалэгъуэм и гукъеуэхэр. ФIыуэ дедэIуэн хуейщ абы жиIэм!

КПРФ-м и ТекIуэныгъэ программэм хэкIыпIэ къегъэлъагъуэ:

Стипендиер цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм нэхърэ нэхъ цIыкIуу щремыт. Студентыр еджэн, и IэщIагъэм зыщигъэгъуэзэн хуейщ, жэщхэм ишхын къимылэжьыжу.

ЕджапIэм къыщIэкIам IэнатIэ зэригъуэтынумкIэ шэсыпIэ иреIэ. Дыгъуасэ студенту щытам Iуэхум хищIыкIыныр пэбубыд хъунукъым, лэжьыгъэм зригъэсэну Iэмал имыIауэ.

УнагъуэщIэм псэупIэ игъуэтыпхъэщ. Дэ къэралым и псэупIэ программэхэм зегъэубгъун, цIыхубэм папщIэ унэ куэд дыдэ яухуэн, сабий зэрыс унагъуэхэм ядэIэпыкъун хуейуэ къыдолъытэ.

Шэч хэмылъуи - улахуэфIрэ узыхэпсэукIын лэжьыгъэрэ! ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къалэжьа ахъшэм я щхьэ пщIэ хуащIыжу ирипсэуну, зауэжьыну, фэтэр хьэхуу къащтэну е къащэхуну, унагъуэ яухуэу сабий япIыну Iэмал яIэн хуейщ, улахуэ къыщратыну пIалъэр къахуэмыгъэсу, кIэпIейкIэ къэс зэрагъэзахуэу щымыту е ипотекэм и гъэрыпIэм зрамыубыдэжу.

Урысейм хъугъуэфIыгъуэхэр и куэдщ, къыщIэхъуэ щIэблэщIэр пщэдейрей махуэм фIыкIэ щигъэгугъыфын хуэдэу.

КПРФ-м и закъуэщ щIалэгъуалэр псалъэ хэIэтыкIахэмкIэ къимыгъапцIэу, и лъэпощхьэпо нэхъыщхьэхэм къызэрыхэкIыну Iэмал узыншэхэр къыхуэзыгъэлъагъуэр.

### КПРФ-м и ТекIуэныгъэ Программэр шэсыпIэ йоувэ щытыкIэ гугъур, тхьэмыщкIагъэр, дызылъахъэ хабзэ ткIийхэр тщхьэщихыну

Къызэрыдэдыгъуэмки, дызэрагъэпудымкIи, тхьэмыщкIэу дызэрыпсэумкIи зыдгъэнщIащ! Ди къэкIуэнур - социализмэрщ!

*Япэ лъэбакъуэ:* Уасэхэм, щIыхуэхэм, тарифхэм зэрыхэхъуэр къэдгъэувыIэнщ.

ЩIакхъуэмрэ шэмрэ я уасэм махуэ къэс зэрыхэхъуэр флъагъуну фужэгъуакъэ? Фригъэшакъэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и уасэхэр зэрыдэуейм?

Дэ цIыхухэр япэу зыщIэупщIэхэм, хущхъуэхэм, сабийхэм папщIэ хьэпшыпхэм я уасэр къэралым игъэуву тщIынущ. Куэдщ сатуущIэхэм напэншэу уасэхэр зэрыдрагъэуеяр!

ЖКХ-м и уасэхэр унагъуэм и хэхъуэм и проценти 10 нэхърэ нэхъ лъагэ ящIу ддэнукъым. Адрей псори къэралым и пщэ дилъхьэжынущ. Бын куэд зэрыс унагъуэхэм я ипотекэ щIыхуэр пIалъэкIэ щхьэщахыу дгъэувынущ.

*ЕтIуанэ лъэбакъуэ:* ЛэжьапIэщIэхэр къызэIутхынущ, улахуэхэм хэдгъэхъуэнущ. Нэхъ мащIэ дыдэу сом мин 45-рэ!

ХьэрычэтыщIэ мащIэмрэ ику итымрэ кредит иредгъэтынущ, хэхъуэу проценти 4 нэхърэ нэхъыбэ темылъу!

Мэкъумэшым хуэдиплIкIэ нэхъыбэу мылъку хуэдутIыпщынущ.

Мэкъумэшым телажьэхэм дизелрэ бензинрэ пуду ягъуэту тщIынущ.

*Ещанэ лъэбакъуэ:* МылIэIус мыхъуу, пенсэхэр захуагъэм тету дгъэувынущ

Дэ захуагъэм къедгъэгъэзэжынущ: пенсэм щыкIуэ ныбжьыр цIыхухъухэм папщIэ - 60, бзылъхугъэхэм папщIэ - 55-рэ тщIыжынущ. Пенсэм щыкIуэ ныбжьыр щIэуэ хэдгъэхъуэнукъым! Пенсэр къэралым щызекIуэ улахуэм и процент 50-м нэхърэ мынэхъ мащIэу щрет. Нобэрей уасэкIэ къыупщытэмэ, ар сом мин 50-м нэсынущ.

Илъэс куэдкIэ мэкъумэшым щылэжьам и ахъшэм процент 30-кIэ хагъахъуэу къэдублэжынущ. Пенсэм и чэзум хагъахъуэу тщIыжынурэ, къэралым къытена щIыхуэхэр цIыхум лъыдгъэсыжынущ. Илъэс 70 ирикъуахэм унэ зехьэпщIэ иредгъэтынукъым.

*ЕплIанэ лъэбакъуэ:* Хущхъуэ уасэ фримыкъуу ара? Дэ хэти къигъэщхьэпэфыну медицинэ пщIэншэм къытредгъэгъэзэжынущ! Къэралым медицинэм хухигъэкI мылъкум щыкIэ хэдгъэхъуэнущ. Страхованэ хэмыту, медицинэм къэралым къыбгъэдэкIыу къылъысыпхъэр лъыдгъэсынущ. Упсэун папщIэ узыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмрэ операцэ лъапIэхэмрэ я уасэр къэралым иритынущ. ДяпэкIэ зыри щIэлъэIунукъым зэрагъэхъужыну ахъшэм. Медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм хэдгъэхъуэнущ. Ахэр бюрократ лэжьыгъэ мыщхьэпэм къедгъэлынущ!

*«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкIа Федеральнэ закон №20-ФЗ-м ипкъ иткIэ пщIэншэу тыдодзэ.*

● Аруан щIыналъэ - 105





# Зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэкъуэту

ЩЭБЭТ кIуам Нарткъалэ Iэтауэ щагъэлъэпIащ Аруан районыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 105-рэ зэрырикъур. Бжьыхьэр зэрыгуашэ дыгъэ бзий хуабэхэмрэ гъавэ бэву къэрахьэлIэжахэмрэ зи жьэгу дэлъ щIыпIэ телъыджэм цIыхубэр щызэхуэсат. Нарткъалэ, Шытхьэлэ, Чернэ Речкэ, Аруан, Старэ Шэрэдж, Псынабэ, Псыкуэд, Псыгуэнсу, Шэрэдж Ищхъэрэ, Мэрзэхъу, Къэхъун, Джэрмэншык жылэхэм щхьэж зыхуэкъулей елъытауэ лъэпкъ пщIантIэхэр ягъэуват. «Дызэкъуэтыху, зыри къыттекIуэнукъым» къыхуеджэнygъэм щIэту ягъэлъапIэ махуэшхуэм и утыкум щыбжьыфIэрт Аруан куейм ис лъэпкъхэм я зэхэтыкIэр, шыфэлIыфэр, псэукIэр щыплъагъу жьэгухэр. Адыгэ, балъкъэр, урыс, осетин, дагъыстэн, тырку пщIантIэхэм щегъэувэкIат лъэпкъыр псэун, зауэжьын папщIэ къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр, я гуащIэдэкIым къыпэкIуахэр, зыхуей зэрагъуэтым и щыхьэту къэрахьэлIэжа гъавэр, хадэхэкIыр, лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр нэм къыIуидзэу гъэщIэрэщIат. ЖьантIэр лъэпкъ ерыскъы IэфIхэмкIэ узэда Iэнэм хухэхати, шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэу телъыр гъунэншэт. Аруан щIыналъэр зэманым декIуу зэрыдэбакъуэр, щIэуэ къежьэм зыдищIу зэрызиужьыр, зэман гугъум лъэпощхьэпохэр къызэранэкIыфурэ зэрыхэпсэукIыр къигъэлъагъуэрт къызэхуэса цIыхухэмрэ абыхэм нэжэгужэу, пкIатэ-лъатэу я гъусэ сабийхэмрэ. ЦIыкIухэр тезыгъэу гуащэшхуэхэм сабийхэр ягъэджэгурт, макъамэ нэжэгужэм игъэгушхуэу балигъхэр зэхуэсырт.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкI щIалэмрэ пщащэмрэ Iэгуауэшхуэм щIэту къызэIуахащ махуэшхуэ концертыр. Утыкум къэрагъэблэгъа, КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэтрэ щэнхабзэмкIэ министрым и къуэдзэ Ащхъуэт Ритэрэ псалъэ дахэкIэ зыхуагъэзащ аруандэсхэм.

- Аруан районыр ди республикэм нэхъапэу къыщыунэхуа щIыналъэхэм ящыщщ, ар 1921 гъэм къызэрагъэпэщауэ щыташ, - жиIащ Лу Азэмэт. - Зы лIэщIыгъуэм мыбы хабзэ дахэ щызэфIэуващ цIыхухэр, лъэпкъхэр зэгурыIуэу, зэгъунэгъуу, зэныбжьэгъуу щызэдэпсэуным теухуауэ. А зэхэтыкIэр зы лIакъуэм адрейм иритыжурэ нобэм къэсащ, аращ районыр зыгъэбжьыфIэр. КъищынэмыщIауэ, мыбы лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI, аруандэсхэм ящыщ куэдым я зэфIэкIым республикэр ирогушхуэ. Сэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ къыдэкIуэтей щIэблэр зыгъасэхэм, егъэджэныгъэ, медицинэ, спорт, нэгъуэщI IэнатIэхэм пэрытхэм, хьэрычэтыщIэхэм. Районым укъыщихьэкIэ зэхъуэкIыныгъэфIу щыплъагъум уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абы къегъэлъагъуэ щIыналъэм и псэукIэр зэрефIакIуэр, нэхъыщIэхэр нэхъыжьхэм я жьауэм зэрыщIэтыр, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр зэрыщытепщэр. Мы махуэшхуэр техуащ УФ-м и Президентым хигъэунэхукIа Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтынгъэм и илъэсым. Абы мыхьэнэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэрщ мамырыгъэри зыужьыныгъэри къызыдэкIуэр. АбыкIэ Аруан районыр щапхъэщи, а хьэлыфIхэм нэхъри зевгъэужьыну, сыт и лъэныкъуэкIи фефIэкIуэну си гуапэщ. Шэч хэлъкъым ди зэгурыIуэныгъэм текIуэныгъэ къызэрыпэкIуэнум.

Министрым и псалъэхэм къыпищащ Ащхъуэт Ритэ. «Аруан щIыналъэр щэнхабзэ куэдым я лъахэу жыпIэ хъунущ. Куэд щIауэ зэмылъэпкъэгъухэм я зэныбжьэгъугъэм и щапхъэу къокIуэкI, илъэс Iэджэ хъуауэ а лъапIэныгъэр ехъумэф. ДяпэкIи щIэблэр апхуэдэ зэхэтыкIэ дахэм хэфпIыкIыу куэдрэ Тхьэм фыщигъэIэ», - къыхигъэщащ Ритэ.

Утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ районым и уэрэджыIакIуэхэмрэ жылэхэм я къэфакIуэ гупхэмрэ.

«Химик» стадионыр а махуэм нэгузегъэужьыпIэ телъыджэ хъуат. Зы лъэныкъуэкIэ щызэныкъуэкъурт кIапсэ зэпекъум хэт щIалэ Iэчлъэчхэр, адэкIэ зи къару къигъэгугъэхэр IэпщэкIэ щызэпекъурт. Джэдгъэф Беслъэн зи щIалэгъуэ цIыкIухэм фIыуэ ялъагъу, лъэпкъ хабзэм и зы нэщэнэу щыт кхъуейплъыжькIэрыщIэр гуащIэу иригъэкIуэкIырт. Махуэшхуэм и щIыхькIэ къызэгъэпэщакIуэхэм ягъэхьэзыра саугъэтхэр куэд хъурт, телевизорым деж къыщыщIэдзауэ, унагъуэм, лъапсэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэм я деж щиухыжу. Ахэр къыпхэхъуэну фIыми, щIалэ цIыкIухэм япэ ирагъэщыр я зэфIэкIыр здынэсыр ягъэунэхунырти, Беслъэн и чэнджэщхэм щIэдэIуурэ кIапсэм дэпщеину кIэрыувэрт, ар IэгуауэкIэ даIыгът кхъуейплъыжькIэрыщIэр къэзыухъуреихьа щIалэгъуалэм.

Нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ батутхэр ягъэпщати, абыхэм я дэрэжэгъуэм гъуни-нэзи иIэтэкъым. Гъуазджэхэмкlэ «Лэгъупыкъу» сабий еджапIэм щIэсхэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэр дыхьэпIэм и ижьрабгъумкIэ щегъэувэкIат, IэпщIэлъапщIагъэм теухуа дерсхэр абы пэмыжыжьэу щрагъэкIуэкIырт.

Апхуэдэу гуапэу щхьэж и пщIантIэм щегъэувэкIахэр хьэщIэхэм ирагъэлъагъурт бысымхэм. Къуажэхэм я лIыкIуэхэм лэкъум ягъажьэрт, кхъуей цIынэ, гъэгъуа и гъусэу къэмэжалIэхэм ирагъэшхыу. КъапщтэмэI, дэтхэнэ лъэпкъ пщIантIэри ерыскъыкIэ жумартт а махуэм, тыркухэм шыуаныщхуэкIэ плов хъуэпсэгъуэр къытрахыжауэ цIыхубэм тепщэчкIэ хуагуэшырт, урысхэм я самоварым къиж шей пщтырымрэ IэфIыкIэмкIэ къызэхуэсахэр ягъэтхъэжырт, адыгэхэм я мэлыр ягъавэрт, дэлэнхэмрэ лэкъумхэмрэ ягуэшырт.

Аруан районым зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу лъэпкъ зыбжанэ зэрисым, уеблэмэ зы къуажэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыдэсым и нэщэнэу Iуэхум егъэлеяуэ дахэу зыхуигъэхьэзырат Аруан къуажэм. Абы и пщIантIэм и ижьрабгъу лъэныкъуэм адыгэхэм я щыIэкIэпсэукIэр къэзыгъэлъагъуэ бгъэнышхьэ унэр щыухуат, пщащэм дыщэидэ зэращIыр игъэлъагъуэу пэшым щIэст, абы лъакъуэрыгъадэ машинэр къыбгъурытт. Хадэм, губгъуэм, псэуалъэм къыщагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр пщIантIэм щегъэувэкIат, мэл дзажэр щагъэгъурт, мэлыр щагъавэрт, адыгэ цIыхухъу, цIыхубз фащэхэр зэщIэлыдэрт, хадэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэкIэ зэрыбейр дыхьэпIэм щынэрылъагъут. Адрей лъэныкъуэм щегъэувэкIат балъкъэрхэм къагъэсэбэп хьэпшыпхэмрэ я IэпщIэлъапщIагъэр къэзыгъэлъагъуэ теплъэгъуэхэмрэ. Абыхэм я хъыбархэр хьэщIэхэм жьакIуэу яхуиIуатэрт гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэща, Араун къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщI Зыхьэ-Бэч Оксанэ. УнафэщIым къызэрыджиIамкIэ, къуажэм адыгэу цIыху 5500-рэ дэсщ, балъкъэру 300 яхэсщ.





- Ди пщIантIэм щызэхуэхьэса пшынэ, гущэ, унэлъащIэ, унагъуэм къыщагъэсэбэпу щыта хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм ныбжьышхуэ яIэщ. Ахэр ди блэкIамрэ нобэмрэ зэпищIэу ЩэнхабзэмкIэ унэм щызэхудохьэс. ЦIыхур къызыхэкIар ищIэжу, зыхэтхэм ядекIуу, дэтхэнэми зэрепсэлъэн бзэ, зэрыдэгъуэгурыкIуэн щэн бгъэдэлъу псэунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ и тхыдэр ищIэжыным, япэ итахэм я псэукIар и нэгу къыщIэгъэувэным. Ахэращ абы и зэхэщIыкIыр зэфIэзыгъэувэр, и акъылым зезыгъэужьыр, блэкIамрэ нобэмрэ зэригъапщэурэ къэкIуэнур зэриубзыхур. Абы папщIэ тхыдэр дохъумэ, анэдэлъхубзэр догъэлъапIэ, лъэпкъ хабзэхэр зыдохьэ, ахэр къыдэкIуэтей щIэблэм ябгъэдыдолъхьэ, - жиIащ Оксанэ.

Курыт школым и унафэщI Къардэн Иринэ и нэIэ щIэтт Iуэхур зэрекIуэкIыр, курыт еджапIэм и пщафIэхэм лэкъум тхъуэплъхэр ягъажьэрт. Аруан и къуажэдэс нэхъыжьыфIхэмрэ Iуэхур щызезыхьэхэмрэ адыгэ шхыныгъуэ IэфIхэмкIэ узэда Iэнэм пэрыст къуажэм, районым, лъэпкъым я зэIузэпэщыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ теухуауэ хъуахъуэу.

Iэнэ лъакъуищым телъ ерыскъыхэм адыгэм и IэфIымрэ и берычэтагъымрэ наIуэ пщащIырт: хьэлыуэ, зэкIэрыс, тхьэмщIыгъуныбэ, жэрумэ, пIастэ, лэкъум, мэжаджэ, джэш лыбжьэ, джэд лыбжьэ, кхъуейжьапхъэ, хьэлывэ, псыхьэлывэ, лыгъур гъэжьа, дэлэн, джэд гъэжьа, махъсымэ. Псоми ягу нэсащ зы метрэрэ ныкъуэрэ зи кIыхьахь, Аруан дэт «Къардэн» шхапIэм ирагъэщIа тортышхуэр, ар яупщIатэри, цIыхубэм Iуагъэхуащ.

Аруан къуажэ администрацэм и унафэщI Къурмэлы Альберт къыджиIам къыхигъэщащ:

- Ди куейр илъэси 105-рэ зэрыхъум теухуауэ ди унафэщI ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит и унафэкIэ, Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрыщытыр и лъабжьэу, къетхьэжьащ нобэрей гуфIэгъуэр. Къапщтэмэ, зэмылъэпкъэгъу зыкъом щызэдэпсэу районым нобэ щапхъэу егъэлъагъуэ лъэпкъхэм я зэхуаку хуабагъ, зэныбжьэгъугъэ, лъагъуныгъэ зэрыдэлъыр, нэхъыжьхэм - пщIэ, сабийхэм гулъытэ зэрыхуащIыр. Аруан къуажэм и пщIантIэм нобэ лъэпкъитIым я щыIэкIэр щыволъагъу, ар къызыхэкIыр Мысостей жылэжьым унагъуэ 70-м щIигъу балъкъэру зэрыдэсырщ. 1957 гъэ лъандэрэ ди жылэм къыдэтIысхьэжауэ дызэгурыIуэрэ-дызэдэIуэжу дыкъогъуэгурыкIуэ. Зы махуи зэныкъуэкъу ди зэхуаку дэлъакъым, зэшым хуэдэу дызэдопсэу, ди ерыскъыр зыIулъщ, зы лэжьыгъэ дыпэрытщ, благъэ-Iыхьлы дызэхуохъу. Адыгэхэм я пщащэ балъкъэрхэм яшауэ, балъкъэрхэм я хъыджэбз адыгэ нысэ хъуауэ унагъуи 100-м щIигъу дэсщ Аруан. Адыгэ, балъкъэр жытIэу зэхэдз диIэкъым къуажэ Iуэху къыщетхьэжьам деж. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар куэд щIауэ къокIуэкI, ди нэхъыжьхэм къытхуагъэнауэ къыткIэлъыкIуэхэм ябгъэдэтлъхьэу. Нобэрей махуэр тхуэфIыну, узыншагъэ диIэну, мамырыгъэ дыщымыщIэну, къекIуэкI зэпэщIэувэныгъэр ди текIуэныгъэкIэ иухыну сохъуахъуэ.

КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ащхъуэт Ритэ, КъБР-м и Парламентым и депутат Ерчэн Хъусен, Лэскэн куейм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Насып Люсенэ, сымэ Аруан районым и ЩIыпIэ самоуправленэм и тхьэмадэ КIуэщ Валерэ я пашэу, пщIантIэхэр къызэхакIухьащ, щхьэж зыхуэкъулейр зрагъэлъэгъуащ, псалъэ гуапэ жраIащ бысымхэм.

Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым техуэу зи илъэси 105-р зыгъэлъапIэ щIыналъэм ис псори зыщIэхъуэпсыр зыщ: дунейр мамыру щытыну, игъащIэ лъандрэ зэбгъэдэс лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэр ягъэбыдэну, зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ я Iэпэгъуу дяпэкIи къекIуэкIыну. Апхуэдэ гурылъ дахэхэр къайхъулIэну дэри дохъуэхъу.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ** *ейщ.*






# МафIэсым щыфхъумэ

**ФокIадэм и 18 - 20-хэм ди къэралым щыхахынущ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебгъуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр.**

IЭIЭТЫМ зыщыхуагъэхьэзыркIэ, ахэр щекIуэкIыну щIыпIэхэр мафIэсым щыхъумэныр къызэгъэпэщыныр гулъытэ щхьэхуэ зыхуащIыпхъэхэм ящыщщ икIи IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я мызакъуэу, хэхакIуэ комиссэхэм я унафэщIхэри а Iуэхугъуэм зэрыбгъэдыхьэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

МафIэс шынагъуэншагъэм ехьэлIа хабзэм къызэригъэувымкIэ, хэхыпIэ участкэхэм егъэщIылIа щIыпIэхэмрэ пэшхэмрэ сыт щыгъуи къабзэу, щIэкIыпIэхэр (ахэр тIу нэхърэ нэхъ мащIэу щытынукъым) хуиту, мафIэсгъэункIыфI кранхэр зыхуей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщауэ, шкафхэм дэгъэуvауэ щытын хуейщ. Лъэгум ирадз алэрыбгъухэр, нэгъуэщIу ираубгъуэхэр тегъэбыдауэ щытыпхъэщ.

КъищынэмыщIауэ, хэхыпIэ участкэхэм я пэшхэм мафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIу япэу зыхуеинухэр щыгъэувыпхъэщ. ЩIэкIыпIэхэр дэтхэнэ къатми тэмэму щыплъагъуу къыщыгъэлъэгъуэн хуейщ, мафIэс къэхъу хъужыкъуэмэ, занщIэу къагъуэтыфын хуэдэу. ХэхакIуэ комиссэхэм хэтхэр, уэздыгъэр ункIыфIмэ, я хъуреягъыр къызэрагъэнэхуфын хьэпшыпхэмкIэ (фонарик) къызэгъэпэщыпхъэщ, тIу къэс зы нэхъ мыхъуми яIэу .

ХэхыпIэхэм я гъунэгъуу тутын щефэныр, мафIэ щызэщIэгъэстыныр, ежьужьхэр щыгъэсыныр, псынщIэу къэлыд хьэпшыпхэр щыхъумэныр къезэгъыркъым.

ЗыгуэркIэ мафIэс къэхъу хъужыкъуэмэ е Iугъуэ къыпхихумэ, псом япэу «01» (къызэрыгуэкI телефонхэмкIэ), «101» е «112» (жып телефонхэмкIэ) номерхэмкIэ мафIэсгъэункIыфI IэнатIэм фыпсалъэ.

МафIэс къызэрыхъуам цIыхухэр, хэхакIуэ комиссэм и унафэщIыр щыгъуазэ щIын икIи щIэкIыпIэхэр зэIухауэ унэм щIэтхэр щIэгъэкIын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, Iэ зэраIэт тхылъхэр зрадзэ урнэхэр, Iэ IэтынымкIэ бюллетенхэмрэ дэфтэрхэмрэ щIэхыпхъэщ. Къэхъуа мафIэсыр ину щымытмэ, ар щагъэункIыфIкIэ япэу къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр къепхьэжьэ хъунущ. Ауэ, япэщIыкIэ электрокъарур Iучын, цIыхухэр щIэгъэIэпхъукIыным, мафIэсыр гъэункIыфIыным елэжьхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын хуейщ.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хэхыныр къызэрымыкIуэ щытыкIэ гуэр къэмыхъуу зэфIэкIын папщIэ мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ хабзэм ткIийуэ тетын зэрыхуейр зыщывмыгъэгъупщэ, - къет Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтынымкIэ и IуэхущIапIэм.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Илъэс тIощIрэ щыкIэ зыпэплъа дыщэ

**Зэхьэзэхуэр иухыным зы джэгугъуэ иIэжу Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ чемпион хъуащ «Тэрчыр». Ар абы илъэс тIощIрэ щыкIэ хуэкIуащ.**

2003 гъэм «Тэрчыр» республикэм и чемпион щыхъуам хэт и гугъэнт а ехъулIэныгъэм къытрагъэгъэзэн папщIэ апхуэдиз зэман дэкIыну?! А лъэхъэнэм къриубыдэу джылахъстэнейхэр мызэмытIэу дыщэ медалхэм пэгъунэгъу дыдэ хъуат, арщхьэкIэ къащыIэрыхьар иджыщ.

Щэбэт кIуам Тэрч къалэм и стадион нэхъыщхьэм цIыхур изу къыщызэхуэсат. Ахэр темыпыIэжу пэплъэрт зыдэщI командэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионыгъэр къахуихьыну. Абы папщIэ къахуеблэгъа «Ислъэмейр» зытрагъэкIуэн хуэмейуэ аркъудейт. Домбеякъ медалхэр къызыхукъуэплъ хьэщIэхэри къикIуэт хъунутэкъым. Армырамэ «Малка»-р яIэщIэкIынут. А щхьэусыгъуэхэм джэгур удэзыхьэх ящIащ.

Стадионым къыщызэхуэса цIыхуищэхэм трагъэгушхуэ «Тэрчыр» ипэкIэ кIуэтащ. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу ар я футболист нэхъыфIитхум, я гъуащхьэтетри яхэту, зэрыблагъэкIым щхьэкIэ къэмынэу джылахъстэнейхэр къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуэрт, я насыпыр ислъэмейдэсхэм я гъуащхьэм и деж къыщалъыхъуэу. Апхуэдиз текъузэныгъэр хьэщIэхэм зэрахуэхьар дакъикъэ тIощIрэ тхурэщ - Къуэжей Азэмэт бжыгъэр къыщызэIуихым ахэр пэлъэщыжакъым.

Чемпионыгъэр наIуэу къызыхуэлыда «Тэрчым» и футболистхэр нэхъри тегушхуауэ ипэкIэ кIуэтащ. 36-нэ дакъикъэм зэхьэзэхуэм и гъуащхьауэ нэхъыфI Iэщын Аслъэн, мы гъэм и 27-нэ топыр дигъэкIыу, бжыгъэр 2:0-м щыхуигъэкIуам гурыIуэгъуэ хъуащ джылахъстэнейхэм зэпеуэм и дыщэ медалхэр зэраIэрылъхьэр. Абыхэм джэгур адэкIэ Iэзэу я текIуэныгъэм хуагъэкIуащ.

«Тэрчым» сыт илъэныкъуэкIи къилэжьащ мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион хъуну. Джэгугъуэ 22-м ящыщу 20-м ар щытекIуащ, и гъуащхьауэхэр псоми ефIэкIащ (топи 106-рэ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкIащ), я гъуащхьэхъумэхэм нэхъ лъэщ зэхьэзэхуэм хэтыххакъым (12-рэ я гъуэр къыхагъэщIауэ аращ). Къищынэмыщауэ, гъуащхьауэхэм я зэпеуэми щытекIуар я пашэ Iэщын Аслъэнщ. БжыгъэшхуэкIэ хагъэщIа я хьэрхуэрэгъухэм я бжыгъэри мащIэкъым, апхуэдэхэм худагъэкIа топхэр зыбгъупщIым къыщымыувыIаи яхэту.

«Тэрчым» зыкъомрэ къыкIэлъеIащ Бабугент и «Логоваз»-р. АрщхьэкIэ псори щызэхэкIар езыхэр щызэхуэзаращ - Тэрч къалэм хэгъэрейхэр щынэхъ лъэщащ, Къэщкъэтау щызэрытегъэкIуакъым. Нэгъабэрей епщIанэ увыпIэм иужькIэ бабугентдэсхэм я дежкIэ ари ехъулIэныгъэшхуэщ.

Домбеякъ медалхэр зылъыса «Малка»-ми зэрыхигъэхъуар нэрылъагъущ. Нэгъабэ абы хуэубыдар еблэнэ увыпIэрат.

Аращи, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей зэхьэзэхуэр иухыным иджыри зы джэгугъуэ иIэжу, абы и медаль лIэужьыгъуэ псори гуэша хъуащ. ГурыIуэгъуэщ иужь дыдэ увыпIэм «7 Вершин-Шалушка»-р къызэрыщынари. АдэкIэ хьэлэмэтагъ щыIэжкъым. Дауи, аращ къызыхэкIар тхьэмахуэ кIуам Налшык и «Спартак-Д»-мрэ республикэм и нэгъабэрей чемпион Алътуд и «Искра»-мрэ Урыхурэ Къэщкъэтаурэ зэрымыкIуар. КIэух джэгугъуэми апхуэдэхэр зэрыщыIэнум шэч щIагъуэ къытетхьэркъым икIи абы зэхьэзэхуэ хъарзынэр фагъуэ ещI.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: *фокIадэм и 9-м* - «**Бедик**» (Аргудан) - «**Малка**» (Малкэ) - **1**:**3**; *фокIадэм и 12-м* - «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2**:**0**; *фокIадэм и 13-м* - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **4**:**6**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **3**:**0** (хьэщIэхэр зэрымыкIуам къыхэкIыу), «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - **8**:**4**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Искра**» (Алътуд) - **3**:**0** (хьэщIэхэр зэрымыкIуам къыхэкIыу).

КIэух джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэн хуейщ: *фокIадэм и 19-м* - «Черкес» - «Логоваз», «Малка» - «Урыху»; *фокIадэм и 20-м* - «Искра» - «Псыкуэд-Марвил», «Бедик» - «Яникой-1961», «Ислъэмей» - «7 Вершин-Шалушка» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Тэрч» | 22 | 20 | 1 | 1 | 106-12 | 61 |
| 2. «Логоваз» | 21 | 18 | 2 | 1 | 73-23 | 56 |
| 3. «Малка» | 21 | 16 | 0 | 5 | 58-27 | 48 |
| 4. «Ислъэмей» | 21 | 14 | 2 | 5 | 69-29 | 44 |
| 5. «Спартак-Д» | 22 | 12 | 1 | 9 | 61-42 | 37 |
| 6. «Урыху» | 21 | 10 | 2 | 9 | 55-44 | 32 |
| 7. «Яникой-1961» | 21 | 6 | 2 | 13 | 42-96 | 20 |
| 8. «Искра» | 21 | 6 | 0 | 15 | 52-72 | 18 |
| 9. «Черкес» | 21 | 5 | 3 | 13 | 40-84 | 18 |
| 10. «Псыкуэд-Марвил» | 21 | 5 | 3 | 13 | 50-85 | 18 |
| 11. «Бедик» | 21 | 4 | 1 | 16 | 34-71 | 13 |
| 12. «7 Вершин-Шалушка» | 21 | 1 | 3 | 17 | 37-92 | 6 |







Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.114
Заказыр №1996
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ**, корректорхэу **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*.
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.